



Pou Piblikasyon Imedya: 05/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN PWOJÈ 204 MILYON MILYON DOLA A  
POU REYABILITE YON SEKSYON NAN EXPRESSWAY BRUCKNER A AK SIS  
RANP KONEKSYON NAN BRONX LAN**

*Après achvèman Boulva Sheridan lan ak kòmansman konstriksyon nan Hunts Point lan, pwojè a ranfòse angajman Gouvènè a pou "rebati pi byen" nan Bronx lan*

*Yo enstale nouvo ekleraj dyod otou 0.84 km; Yo itilize konstriksyon inovan pou minimize bezwen antretyen sou jwenti platfòm pon an yo*

***Yo te Fini Pwojè a Atan epi yo te Respekte Bidjè a***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse achèvmman pwojè 204 milyon dola ki te reyabilite yon seksyon ki evalye a 0.84 km nan Bruckner Expressway la ak sis ranp koneksyon ant East 141st Street ak echanjè Major Deegan Expressway la ak Pon Robert F. Kennedy nan Bronx lan, sa k'ap pwolonje dire tan sèvis vyadik la epi diminye bezwen pou pwojè antretyen alavni. Yo te fini travay la atan epi yo te respekte bidjè a.

Achvèman pwojè a baze tou sou angajman kontinyèl Gouvènè a pou "rebati pi byen" nan Bronx lan, kòmansman avèk [reyabilitasyon Sheridan Expressway la ki evalye a 75 milyon dola](#) ki pase de yon otowout ant eta, a yon boulva adapte pou pyeton an, ansanm ak 1.7 milya dola pwojè kontinyèl ki pral evantyèlman bay aksè dirèk nan mache Hunts Point lan k'ap soti nan Expressway Bruckner ak alafwa nan nouvo Boulva Sheridan lan.

"Nou deja fè investisman rekò pou amelyore kalite lavi rezidan yo nan Bronx lan epi nouvo amelyorasyon sa yo pral ranfòse vwayaj ak komès, pandan l'ap ogmante dirabilite alontèm nan wout enpòtan sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Makonnen ak lòt pwojè transfòmasyon atravè minisipalite a, Bruckner Expressway ki reyabilite a kontinye efò san parèy nou yo pou rebati pi byen pou Bronx ak pou tout Nouyòk yo."

Yo te elimine prèske 70 pousan nan pilye platfòm pon an avèk itilizasyon teknoloji inovan "dal lyezon yo" ki fèt ak beton ki gen anpil pèfòmans, ki diminye siyifikativman dlo lapli ki koule nan platfòm nan ak pwoteje pilye pon yo. Sa a diminye depans antretyen yo an retou epi li pral pwolonje dire tan vyadik la. Pwojè a te gen ladan tou ranplase platfòm pon an, repare pilye an beton yo ak pout an asye yo, ak ranplase tout ak palye ak pyedestal. Yo te ranplase baryè yo, balistrad yo ak estrikti drenaj yo, epi yo

te ajoute nouvo vwa ki make sou wout la. Yo te enstale tou nouvo ekleraj dyod sou otowout la, sou ranp yo ak nan entèseksyon yo anba otowout la nan 138th, 140th ak 141st Streets amelyore sekirite ak vizibilite pou pyeton ak otomobilis yo.

Anplis de travay sou liy prensipal Bruckner a, yo te amelyore sis ranp sa yo kòm yon rezilta nan pwojè sa a:

- Ranp ki soti nan Pon Robert F. Kennedy a nan ale direksyon nò a Major Deegan Expressway (I-87)
- Ranp ki soti nan Pon Robert F. Kennedy a ale nan direksyon lès Bruckner Expressway (I-278)
- Ranp ki soti nan direksyon lwès Bruckner Expressway (I-278) la ale nan Pon Robert F. Kennedy a
- Ranp soti nan direksyon lwès Bruckner Expressway (I-278) ale nan direksyon nò Major Deegan Expressway (I-87) la
- Ranp ki soti nan direksyon sid lès Bruckner Major Deegan Expressway (I-87) la ale nan direksyon lès Bruckner Expressway (I-278) la
- Ranp ki soti nan direksyon lès Bruckner Boulevard nan East 138th Street la ale nan direksyon lès Bruckner Expressway (I-278) la

**Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez te deklare,** "Envesti nan enfrastrikti enpòtan yo se youn nan premye eleman yo nan revitalize kominote yo, e yon pwojè alafwa, DOT ap avanse pwojè inovan ki gen enpak jenerasyonèl sou lavi Nouyòkè yo. Achèvmman pwojè sa a sou gwo wout prensipal sa a nan Bronx montre egzanp angajman fèm Gouvènè Cuomo nan bati yon enfrastrikti ki entelijan, dirab ak rezilyan".

**Reprezantan José Serrano te deklare,** "Reyabilitasyon Bruckner Expressway la se yon eleman kle nan relanse ekonomi rejyonal nou an pandan n'ap travay pou elwanye nou de pandemi an. Mwen bat bravo pou Gouvènè a paske li te fè enfrastrikti nou yo tounen yon pi gwo priyorite nan ajanda li a ak pou angajman li nan Bronx lan".

**Senatè José Serrano te deklare,** "Enfrastrikti nou an se yon eleman kle nan asire aktivite ekonomik ansanm ak kalite lavi pou kominote Bronx la, e mwen felisite Gouvènè a pou angajman li nan renovasyon wout yo isit la nan minisipalite nou an ak toupatou nan eta a. Rezidan lokal yo ak biznis yo konte sou Bruckner a chak jou e pwojè reyabilitasyon sa a pral amelyore transpò piblik ak komès nan Bronx pou ane k'ap vini yo".

**Manm Asanble Carmen Arroyo te deklare,** "Bruckner a kenbe Bronx lan ak rejyon ki antoure a li a an mouvman, epi ak amelyorasyon kle sa yo nan otowout la, kominote nou an ka kontinye retounen pi fò anba pandemi an. Mwen remèsye Gouvènè a paske li sipòte pwojè tankou sa paske yon rezo wout san danje epi ki efikas esansyèl pou fanmi yo, lekòl yo ak endistri yo pou yo opere yon fason optimal".

**Manm Konsèy la Diana Ayala te deklare,** "Expressway Bruckner a se yon lòt egzanp New York k'ap rebati pi byen. Amelyorasyon sa yo pral pote benefis ekonomik ak anviwònmantral monimantal nan Bronx. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip li ak vizyon li pou Bronx ak pou Eta New York".

**Manm Konsèy Rafael Salamanca te di,** "Kominote sa a pa merite anyen anmwens ke wout ki san danje epi fyab epi Bruckner Expressway la se yon lòt egzanp New York k'ap rebati pi byen. Amelyorasyon sa yo pral pote benefis ekonomik ak anviwònmantral monimantal nan Bronx. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip li ak vizyon li pou Bronx ak pou Eta New York".

**Prezidan Minisipalite Bronx lan, Ruben Diaz Jr. te deklare,** "Kòm nou at lite pou nou soti anba pandemi an, nou bezwen asire ke wout ak espas piblik nou yo ka sipòte demand yo nan kominote nou an. Enfrastrikti nou an se yon eleman kle nan asire ke Bronx retounen ak aktivite ekonomik solid ansanm ak amelyore kalite lavi, epi mwen felisite Gouvènè a pou angajman li nan renovasyon wout yo nan minisipalite nou an ak toupatou nan eta a. Amelyorasyon sa yo pral pote benefis ekonomik ak anviwònmantral monimantal nan Bronx lan".

Pou diminye enpak sou otomobilis yo pandan konstriksyon an, Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York te kenbe twa vwa sikilasyon prensipal nan direksyon lwès ak direksyon lwès Benchner Expressway (I-278) la pandan lè ki gen plis anbouteyaj yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)